



Pou Piblikasyon Imedya: 02/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU PWOTEJE NOUYÒKÈ YO KONT PWODUI CHIMIK KONT FLANM KI DANJERE NAN PWODUI KONSOMASYON YO

Lejislati (S.4630-B/A.5418-B) règlemante pwodui chimik ki nan mèb boure, matla, ak bwatye elektwonik yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse ratifikasyon lejislasyon S.4630-B/A.5418-B k ap entèdi vant founiti, matla, ak afichaj elektwonik yo ki genyen kèk pwodui chimik kont flanm ki danjere lye ke yo lye ak risk lezyon newochiriji, deranjman òmòn, ak kansè elve ki enpòtan.

"Twòp atik pou fanmi genyen pwodui chimik ki toksik ki mete timoun nou yo ak sekouris yo an danje pou maladi grav" **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mèb, matla, ak elektwonik nou achte yo ta dwe san danje epi ak lejislasyon sa ki siyen an, nou ka asire kounye a ke lè yo vann pwodui sa yo nan New York, yo p ap gen materyèl ki danjere."

Pwojè lwa sa règlemante pwodui chimik ki nan mèb boure, matla, ak bwatye elektwonik yo. Li ede defini eksprasyon tankou pwodui chimik alojene, pwodui chimik òganofosfò, ak pwodui chimik òganonitwojèn. Li entèdi vant tout mèb ki genyen pwodui chimik yo idantifye kont flanm. Li entabli tou yon amann jiska 2,500 dola pa jou pou enfraksyon ki repete.

Pwodui kont flam yo se yon klas pwodui chimik yo ajoute sou mèb, elektwonik, ak materyo konstriksyon yo ki gen objektif pou anpeche dife. Men, anpil pwodui kont flanm asosye ak efè segondè sou sante pou zannimo ak imen, ki enkli efè negatif sou sistèm iminitè, enfètilite, kansè, ak efè segondè sou fetis ak devlopman timoun. Timoun yo siseptib anpil ak ekspozisyon a pwodui chimik danjere ki genyen nan pwodui kont flanm yo. Pwodui chimik yo difisil tou pou dekonpoze, ki vle yo ka rete nan anviwònman an oswa yon kay pandan dèzane. Lè nou mete anplas yon restriksyon sou vant kèk pwodui ki genyen pwodui chimik kont flanm yo idantifye ki danjere, ap asire ke Nouyòkè yo, ak pitit yo, pa ekspoze nan pwodui toksik danjere. Anplis, pwodui toksik sa yo gen valè ki limite, si yo genyen, pou anpeche oswa siprime dife, pliske lòt eta ki te adopte lejislasyon an pa genyen plis dife oswa nouvo enklyetid sekirite ki asosye ak retrè pwodui chimik sa yo nan pwodui yo.

Senatè Todd Kaminsky te deklare, "Pa gen anyen ki pi enpòtan pase pwoteje sante timoun ak ponpye nou yo kont pwodui chimik ki lakoz kansè. Lè nou bani sibstans

toksik sa yo nan pwodui kotidyen ki lakay nou, tankou mèb ak matla, n ap pran mezi pou kenbe kominote nou yo an sekirite. Mwen te fyè pou mennen konba pou mete fanmi nou yo ak lavi sekouris nou yo an premye sou benefis antrepriz yo — epi se egzakteman sa lwa sa ap fè. Mèsi ak Gouvènè Hochul dèske li siyen mezi sa a".

Manm Asanble Lejislativ la, Steve Englebright, te deklare, "Nouvo lwa sa ap ede pwoteje sekouris yo kont ekspozisyon ki pa nesèsè ak pwodui chimik ki danjere. Respirasyon lafimen se premye kòz lanmò ki lye ak ensandi. Malerezman, pwodui chimik kont flanm yo pwodui sibstans chimik tankou syani idwojèn ki ka lakoz danje lè yo respire yo. Sa espesyalman danjere pou ponpye yo. Anplis, prezans pwodui kont flanm nan matla, mèb ak kaz ekipman elektwonik yo mete an danje fanmi nou yo akoz pwodui chimik sa yo soti nan pwodui a epi yo vin fè pati pousyè nan kay la. Nou respire pwodui chimik sa yo epi pitit nou yo vale yo lè y ap jwe atè a. Pwodui chimik sa yo lakoz efè segondè sou sante ki enkli kansè, enfètilite, ak domaj nan sistèm iminitè nou. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèske li travay deprè ak mwen pou kreye nouvo lwa ki sove lavi sa".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)